

Tout Sa Ou Dwe Konnen sou Asirans Sante

Kisa asirans sante ye?

**Asirans sante ede
moun peye pou swen
sante.**

Avèk asirans sante, ou peye yon ti kantite lajan ki pa janm chanje chak mwa. Apre sa, si ou vinn malad oswa blese, ou peye mwens kòb pou yo ba ou swen. Asirans sante pa kouvri tout depans medikal yo, men li anpeche ou peye anpil lajan yon sèl kou.

Li ka kouvri depans swen sante pou moun ou ap viv avèk li a (madanm oubyen mari ou) ak timoun ou yo.

**Sonje, pa
gen moun ki
planifye pou
yo vinn malad
oswa blese!**

Kisa konpansasyon pou travayè yo ye?



Konpansasyon pou travayè kouvri depans pou swen medikal si ou malad oswa blese akòz travay ou. Li egzijè konpayi ou ap travay pou li la oswa patwon ou an peye pou swen sante ou..

Sepandan, li kouvri **sèlman** swen sante ki gen rapò ak travay ou -- li pa kouvri maladi oswa aksidan andeyò travay ou. Li pa kouvri depans pou vizit ou fè kay doktè chak ane.

Sa vle di ou bezwen gen asirans sante pou ede ou peye pou swen sante ou ki pa kouvri nan konpansasyon travayè yo.

Kòman ou ka jwenn asirans sante?

Opsyon 1:

Asirans Sante nan Travay ou

Konpayi kote w ap travay la kapab ofri ou asirans sante, anplis konpansasyon travayè yo. Pri asirans sa ap varye selon plan asirans konpayi w la ofri. Poze yo kesyon sou sa, oubyen rele nan nimewo ki sou do fèy sa la pou mande asistans.

Opsyon 2:

Affordable Care Act (ACA) Marketplace Insurance

Gouvènman an mete sou plas yon sistèm kote ou ka konpare ak achte sou sit entènèt asirans sante pou ou menm ak fanmi ou.

Gen èd finansyè ki disponib pou diminye pri a. Kantite sipò finansye a varye selon kantite lajan ou rantre ak kantite moun ki nan fanmi ou.

Opsyon 3:

Medicaid

Gouvènman an genyen pwòp pwogram asirans sante li ki pa koute chè, Medicaid. Ou menm oswa yon manm nan fanmi ou ka kalifye selon kantite lajan ou rantre ou ak ki stati imigran ou genyen.

ENPÒTAN

Si ou gen ACA marketplace insurance
oswa Medicaid, resevwa sipò finansye,
sa pa afekte abilite ou genyen pou vini
yon rezidan pèmanan legalman oswa yon
sitwayen Ameriken.

Espas vid pou enfòmasyon/resous lokal yo

Ale sou sit www.healthcare.gov oswa rele
nivewo sa 1-800-318-2596
Asistans Disponib nan lang Kreyòl Ayisyen.

